

SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

AN NOU DEMARE DEVLOPMAN PÈSONÈL AK PWOFESYONÈL Dr. Dorcéna Dorzilmé

Èske w pa janm santi gen yon bagay ki kenbe w, tankou yon fòs envizib ki pa vle kite w avanse, pou w reyalize rèv ou, oswa menm pou kwè nan tèt ou? Gen anpil nan nou k ap viv reyalite sa a chak jou san nou pa menm rann nou kont. Sèten kwayans, pratik, ak tradisyon mare nou ansanm, e menmsi yo ka konsole nou, yo kapab tounen yon prizon envizib tou. Kòm antrenè epi fòmatè, otè-oratè, mwen toujou itilize kilti, literati ak pwezi pou m ede tèt mwen ak anpil moun soti nan twou pwoblèm.

An nou fè yon vwayaj dekouvèt nan kèk istwa pèsònèl ak lesion mwen aprann nan pwòp lavi m. Mwen dekouvri gen kèk pwovèb lakay, malgre yo parèt plen ak sajès, pafwa yo ka kenbe nou nan yon prizon, anpeche nou developpe pou nou wè lòt fasèt nan sa nou dwe ye oubyen sa nou ka fè. Ansam, nou ka chanje direksyon, pouse tèt nou nan nouvo limit, epi anbrase yon vi ki gen plis kè kontan. Èske w pare pou w fè premye etap sa a?

1- Dekouvri kwayans epi pran plis konsys

Anpil moun souvan pèdi nan lavi chak jou, yo pri nan woutin ak atant lòt moun. Yonn nan pi gran anseyman mwen tire nan lavi, sèke nou kapab vrèman evolye lè nou pran yon tan pou nou kesyone konviksyon nou yo. Sa a se pa sèlman lide vag oswa panse; se gwo fòs ki fòme reyalite nou. Nan anpil ka, sa detèmine siksè ak echèk nou epi sa afekte chwa nou fè yo.

Jis konsidere pwovèb Kreyol sa a, "Piti piti, zwazo fè nich li." Nan premye gade, li sanble tankou yon rapèl sou ki jan li empòtan pou nou rete pasyan epi pèsistan. Men, si nou gade sa pi byen, nou ta ka wè tou ki jan li ka pafwa fè nou vle rete nan zòn konfò nou, epi pa janm vize pi wo oswa rève pi gwo. Pwoblèm sa a souvan fè m panse ak pwòp cheminman pa mwen. M te grandi nan yon ti vilaj sou té Ayiti, kote resous yo te limite, men rèv yo te san limit. Menmsi manman m pa konn li ni ekri, li te anseye m kijan pou m toujou wè pi lwen. Li te aprann mwen, lavi se pa sèlman fè ti pwogrè; men se pran risk tou, bati yon anviwònan ki pi grandyo. Kreye yon ekip solid, pou pi bèl rezulta.

Pa kite chay la vin pi lou

Li lè pou nou fè fas ak kwayans-laperèz sa yo ki, menmsi yo te pase de jenerasyon an jenerasyon, pafwa ka bloke nou nan sa nou ka fè. "Men anpil, chay pa lou," ki vle di "Ak anpil men oubyen anpil moun, travay la pi fasil", se yon lòt pwovèb tout moun konnen. Wi, travay ansanm empòtan anpil. Men, sa mwen te aprann nan travay ak ekip nan differen òganizasyon pandan an eki pase yo, sèke menm si gen anpil men, si yo pa travay ansanm nan menm direksyon pou yon objektif komèn, chay la ka vin pi lou.

Yon egzanp, ki vin nan tèt mwen, se yon kliyan mwen te travay ak li. Li te yon nonm ki gen anpil talan, men li te bloke nan yon anplwa san avni akoz kwasans li. Li te kwè, moun ki gen degre diplòm empòtan oswa koneksyon solid se yo menm sèlman ki te kapab gen siksè. Sa li te aprann pandan li t ap travay avè m, sèke kwayans-sententèronp li yo se sa ki te pi gwo pwoblèm nan. Lè li te kòmanse demoli yo, sa te pèmèt li te kapab soti nan prizon mantal sa a epi anbrase nouvo opòtinite pou avansman li.

2- Chanje mak yo an Sajès avèk Konsyans

Gen yon mak kite nan chak eksperyans nou genyen, epi pafwa mak sa a ka vire an sikatris gwo twou san fon. "Bay kou bliye, pote mak sonje". Moun ki frape oubyen ki blese w, li ka bliye sa, men moun ki viv ak mak la sonje, se yon pwovèb ki pafètman rezime verite sa a. Men, nou pa ka kite mak sa yo deside avni nou. Okontrè, nou ka sèvi ak kalite panse sa a, kòm pwen depa pou nou aprann, grandi, epi vin pi fò. Domaj nan kò nou ka vin zam, ki pi fò, si nou chwazi wè yo kòm lesion, men pa kòm yon defèt.

Yon pwovèb sajès di: "Se pa konbyen fwa w tonbe ki konte se leve ki konte." Provèb sa a di tout sa ou bezwen konnen sou rezistans ak pèsistans. Kèlkeswa kantite fwa nou tonbe, sa ki vrèman empòtan se kapasite nou dwe genyen pou nou leve kanpe epi kontinye vanse.

3- Chanje lavi w ak Vizyon

Pran yon moman pou w reflechi sou pwòp kwayans ou. Kiyès nan yo ki toujou ap travay pou ou? Kiyès nan yo ki mete w sou fren? Lè a rive pou nou pran pwòp lavi nou anchaj, pou nou kesyone sa nou panse nou konnen, epi pou nou chwazi kwayans ki leve nou olye sila yo ki bloke nou.

An nou fè bon chwa pou nou grandi, travay ansanm, epi sipòte yon lòt nan vwayaj chanjman sa a. Chak etap nou fè nan direksyon revèy konsyans sou pwòp tèt nou, se yon etap nan direksyon pou yon avni ki pi bèl ak plis kè kontan. An nou kòmanse vwayaj chanjman sa a. Nou ka ale pi lwen pase limit nou yo, epi, si nou travay ansanm avèk yon konsyans pozitif, rive nan nivo ki byen wo. Se moman pou nou ekri istwa nou yon lòt fwa. Pare w pou w kòmanse?

Apre enspirasyon se aksyon: Kisa w ka fè?

Ou cho pase leve danse : Ekspresyon sa a pa ta dwe negatif sèlman. Lè w fin reflechi, nou dwe aji. Li fasil pou w motive, pou yon ti tan, lè w li yon bon atik sou devlopman pèsònèl, men chanjman reyèl la soti nan antreprann yon aksyon sou sa w fin li a. Konsa, mwen sèten apre enspirasyon ak enstriksyon, aksyon reyèl dwe swiv. Kòm yon fòmatè, mwen pa kontante m jis enspire moun; mwen ede yo ale nan etap pratik, ki ka fè yon diferans, ki dire lontan nan lavi yo.

Nou pa gen chwa : Ou ka pa gen chwa final la, men ou toujou gen chwa menm si yo ka restren. Nan seminè ak atelye mwen yo, mwen ensiste sou mannyè epi ki jan li empòtan pou moun pran desizyon nan tout sikostans. Yonn nan pi gwo erè mwen wè anpil moun fè : yo pa ka devlope yon lide oubyen pran yon desisyon, paske yo pè fè move chwa. Men, jan mwen toujou di, "li pi bon pou ou fè yon move chwa, pase pou ou pa fè yon chwa ditou." Poukisa? Se paske yon chwa, menm si se yon move, mete ou an mouvman. Li rale ou soti nan zòn konfò ou epi li fòse ou aji. Endesizyon, okontrè, kenbe ou nan yon eta, kote se sikostans yo oubyen lòt moun ki deside pou ou. Se sa ki rive lè ou pè echwe epi ou pa sèten sa pou w fè. Pa kite sa paralize w!

Rèv tichyen rete anba zorye li : An nou gade ka Nora, yon lòt kliyan ki te vin nan yonn nan seminè mwen yo. Li te santi li kwense, paske li pa te konnen ki jan pou li kòmanse chanje lavi li. Li te gen espwa ak rèv, tankou kòmanse pwòp biznis li epi viv yon lavi ki pi ekilibre. Men, li te santi li bloke ak responsabilite chak jou li yo, anplis pwòp dout li gemyen. Kòm yon premye etap, nou te fè yon travay trè senp: nou te ede li idantife *kwayans-blokay* li yo epi kòman pou li ranplase yo ak pawòl pozitif ki motive epi eksprime sa li vle toutbon. Trankilman, Nora te kòmanse kwè, li te kapab vrèman fè sa. Nouvo kwayans sa a te pwovoke aksyon reyèl. Jodi a, ak fyète, Nora se pwopriyètè yon biznis ki fè li ap byen viv, yon vi ki pi ekilibre. Adopte yon nouvo fason pou li panse epi vin lidè pwòp lavi ou.

Nou pa vin konte mammèl bëf, se ti lèt nou vin bwè : Se pawòl tèt chaje! Konsèy mwen ap ba ou se chanje fason ou panse epi vin yon lidè, nan karyè w ak nan lavi pèsònèl ou. Siksè w pa depann de sa ou te fè nan tan lontan, men sou kapasite ou pou leve kanpe epi kenbe. Kontinye aji menm lè sitiayson yo vin difisil. Pran rezistans kòm alye ou. Toujou sonje, chak defi se yon opòtinite kache pou nou grandi epi vin pi fò.

Fè tèt ou lidè lavi w, sa vle di tou, pran responsabilite pou chemen w. Sa vle di, ou bezwen sispann blame sitiayson yo, lòt moun, oubyen listwa, sa vle di kòmanse chèche solisyon. Pa di "men anpil, chay pa lou," men asire w, men ki ede w yo alinye ak objektif epi menm valè avèk ou. Antoure tèt ou ak moun ki sipòte ou, epi pataje vizyon ou pou lavni. Yon kominote solid epi ini ka fè tout diferans lan.

Kreye opòtinite nan mitan tout pwoblèm

Yon move pwovèb di: "*Depi nan ginen, nèg rayi nèg*" se pa yon fatalite. Reyalite montre *depi nan ginen bon nèg ap ede nèg*, selon Jean St-vil. Se nou ki pou deside si nou wè lòt moun kòm zanmi oswa ènmi ostil. Mwen envite w chwazi kolaborasyon menm lè nou nan yon monn kote konpetisyon sanble se nòmal la. Nou pi fò lè nou travay ansanm. Partaje resous, enèji ak lide. Nou kapab chanje kominote nou yo; epi tou kreye nouvèl opòtinite.

Chak defi ka tounen yon okasyon pou yon moun grandi. Chak defi ka anseye ou yon lesion ki itil. Chak echèk se yon okasyon pou w kòmanse ak plis sajès epi plis fòs. Se poutèt sa, pa lage nan difikilite yo. Okontrè, wè yo kòm siy, ou sou chemen dwat la, chemen pwogrè, chanjman, ak siksè.

Anbrase Chanjman pou yon demen miyò

Kesyone *kwayans-barikad* ou yo, epi pran etap reyèl pou ou refè lavi ou jan ou vle a avèk yon plan solid. Ou ka pako wè sa, men ou deja gen tout sa ou bezwen pou simonte anpil obstak, chanje kouran lavi ou, epi rive nan nouvo wotè siksè ak kontantman.

Sonje, istwa w pa defini ou. Dout ou yo ka limite ou, sèlman si ou kite yo fè sa. Chak jou se yon nouvo okasyon pou w kòmanse viv nèt ak misyon w. Pwoosite kounye a. Pran inisyativ pou ou grandi epi chanje, anplis ankouraje lòt moun fè menm jan an. Konsa, nou ak kominote nou an, nou ka bati yon avni pi bèl si nou travay ansanm.

Plis mwen aprann, plis mwen konprann, lè mwen te manke plis konpetans oswa konesans, pafwa mwen te manke imilite. Sa a se yon lesion sou imilite, mwen te aprann nan eksperyans mwen epi konvèrsasyon ak anpil moun remakab. Koulye a, mwen konprann, konesans reyèl kòmanse lè nou admèt nou pa konnen tout bagay, epi nou toujou vle aprann pi plis, anplis nou vle jwenn pi bon rezulta nan lavi.

Osi lontan, mwen ka sonje, mwen te toujou anvi devlope nouvo konesans epi grandi atravè eksperyans lòt moun. Mwen reyèlman vle tandem pale de pwovèb ayisyen ou pi renmen yo, epi ki jan yo te afekte lavi ou oswa karyè ou. Sa ka fè pwoochen atik mwen an pi bèl epi ofri lektè nou yo yon nouvo pèspektiv ki pi klè, pi pratik... Demare pye w! An nou pran kontak pou nou pataje istwa nou yo ak leson lavi nou.

Konsa nou va kontinye vwayaj sa a ansanm nan direksyon devlopman pèsònèl ak pwofesyonèl. An nou aprann yon nan men lòt. Pwovèb nou yo gen fòs ak sajès, aplike yo nan yon sans pozitif. Ou ka wè mwen sou *Facebook!* Si w vle plis enfòmasyon sou pwogram mwen yo ak kijan mwen ka ede w chanje pakou pèsònèl oubyen pwofesyonèl ou, vizite: www.dorcena.com.

Enpòtans seri atik sa a: pi byen konprann pou aksyon pi efikas

Nan seri atik sa a, nou pral eksploré ansanm richès pwovèb ak kilti ayisyen an. Nou sèvi ak yo kòm sous sajès pou devlopman pèsònèl ak pwofesyonèl. Chak pwovèb se yon fenèt nan lavi chak jou, ki ofri bèl lesion pou ede nou konprann epi simonte defi nou rankontre yo. Èske pwovèb yo ta dwe chanje pou reflete aktyalite nou? oubyen jisteman nou dwe byen itilize pwovèb yo pou yo ede nou chanje reyalite nou. Nou pa pe fè deba a, nou ap jis fè devwa a.

Objektif seri atik sa a: Inspire, enfòme ak edike

Objektif seri sa a senp men esansyèl: enfòme, inspire ak edike lektè yo sou tèm kle ki afekte jesyon lavi chak jou. Nou adrese devlopman pèsònèl ak pwofesyonèl, men tou, ki jan pou moun simonte kriz epi jwenn balans nan lavi. Seri atik sa a sitou vize jèn ak granmoun ki vle amelyore kalite lavi yo, pi byen balanse responsabilite pwofesyonèl ak pèsònèl yo, epi aprann ladrès pou yo byen navige nan yon monn ki ap chanje tout tan.

Sijè atik: Aprann metrize lavi w

Chak atik nan seri sa a konsantre sou yon aspè espesifik nan devlopman pèsònèl ak pwofesyonèl. Yo anrasine nan bon kompreyanson kiltirèl ak pwovèb nou yo. Men yon apèsi sou sijè nou pral kouvrí yo:

1. Developman Pèsònèl

Nou pral eksploré ki jan ou ka dekouvri nouvo posibilité nan lavi ou epi kreye opòtinite, kote ki sanble pa genyen sa pyès. Pa egzanp, atik "5 Etap pou fè rèv ou an reyalite" ap ba w estrateji konkèrè pou w pase soti nan vizyon an nan aksyon, lè li sèvi avèk zouti ki baze sou ansyen bon konprann.

2. Kriz ak Jesyon Chanjman

Kriz, kit pèsònèl oswa pwofesyonèl, yo inevitab. Men, ki jan nou ka fè fas ak yo? Nan atik "Kouman pou simonte kriz pèsònèl ak kriz pwofesyonèl," nou pral diskite sou estrateji pratik pou nou fè fas ak inatandi epi koman pou nou vire advèsite an opòtinite.

3. Balans Travay-Lavi

Jwenn yon balans ant travay ak lavi pèsònèl se yon defi pou anpil nan nou. Atik sa a pral ede w aprann teknik jesyon tan ak metod pou ou diminye estrès. Li ap ofri w inspirasyon nan pwovèb ki defann amoni ak moderasyon. Sitou koman nou ka vini pi efikas?

4. Lidèchip ak Developman Pwofesyonèl

Lidèchip se plis pase jis dirige yon ekip; sa vle di tou konnen ki jan nou kapab byen mennen tèt nou. Nan "Kalite esansyèl yon lidè efikas," nou pral diskite sou ladrès kle yo kiltive pou yo vin yon pi bon lidè, nan tou de ka sa yo, nan travay ak nan lavi chak jou.

5. kreyativite ak siksè


Ki jan yo ankouraje kreyativite oswa reyalize siksè? Nan atik sa a, nou pral eksploré fason inovasyon ak panse kreyatif ka louvri nouvo pòt pou ou. Ak pwovèb yo ki ankouraje pèseverans, nou pral mete aksan sou ensiprasyon siksè alontèm.

Ki moun ki Doktè Dorcéna Dorzilmé?

Mwen se Doktè Dorcéna Dorzilmé, otè, fòmatè, Kotch ak oratè. Misyon mwen se ede moun debloke potansyèl yo atravè ansèyman pratik, rale sou sajès kiltirèl ak pwofondè pwovèb ayisyen yo. Avèk seri sa a, mwen vle inspire ou pran aksyon, simonte limit ou yo epi kreye yon lavi ki pi ranpli ak bon ekilib, richès epi lasante nan mitan tout aksyon nou yo.

Mapou's Back... Visit Today

THE JEWEL OF LITTLE HAITI IS OPEN FOR BUSINESS



MONDAY, WEDNESDAY & FRIDAY 9AM - 6PM
5919 NE 2ND AVE. MIAMI, FL 33137 305.757.9922